

Lekòl Primè Prince Street  
Kontra “Partners in Learning” (Patnè K ap Aprann) 2018/2019  
Akò Lekòl-Fanmi-Elèv pou Amelyore Pwogrè Elèv la

## Lekòl



- Asire bon kominikasyon regilyè ant lekòl ak fanmi yo.
- Bay paran opòtinite pou volontè, patisipe, epi vizite klas yo.
- Egzaminen pwogrè elèv la ak kontra lekòl la pandan konferans paran-pwofesè.
- Fè fanmi yo jwenn rapò souvan konsènan pwogrè elèv la nan yon lang yo konprann.
- Angaje paran nan desizyon konsènan regleman lekòl ak akademik yo. (ILT, PTA, PAC).
- Eksplike sa nou espere pou elèv yo nan sans enstriksyonèl ak nan kondwit.
- Itilize enfòmasyon pou konfime pral genyen kourikoulèkselan ak enstriksyon solid.
- Bay opòtinite pou ede tout moun aprann nan divès fason.
- Bay opòtinite pou elèv yo patisipe nan lekti pou devlope estrateji lekti a: Panse kritik, kominikasyon, tandè, ak ladrès nan ekriti.
- Bay opòtinite pou rezoud pwoblèm epi ede fè koneksyon ant matematik ak sityasyon lavi a.

## Fanmi

- Tcheke Katab Vandredi ak ajannda elèv yo.
- Li epi reponn ak tout enfòmasyon.
- Swiv pwogrè pitit mwen regilyèman epi kontakte pwofesè a ak keksyon.
- Ak evènman lekòl la pandan ane a.
- Asire ke pitit mwen ale lekòl regilyèman.
- Li yon varyete de materyèl (liv, jounal, ak meni)ak pitit mwen epi diskite sa nou li. Ankouraje pitit mwen pou l ekri konsènan eksperyans li yo chak jou.
- Fè pitit mwen patisipe nan sityasyon lemond kote ou kapab rezoud pwoblèm yo ak matematik. (bidjè senp, resi, ak vwayaj).
- Tcheke ke tout devwa lakay konplete epi ede pitit mwen etidye pou evalyasyon yo.
- Toujou espere ekselans epi ankouraje pitit ou a pou fè le miyò chak jou.



## Elèv

- Pataje ajannda, not, biltèn, ak katab Vandredi a ak fanmi mwen.
- Pale ak fanmi mwen chak jou sou sa m te aprann nan lekòl la.
- Fè pwofesè m plezi lè m konplete tout devwa ak travay endepandan alè.
- Pale ak paran, pwofesè, konseye, oubyen administratè lekòl la konsènan enkyetid oubyen keksyon.
- Vini lekòl alè epi prepare pou aprann chak jou.
- Swiv **P.R.I.D.E** la (Prepare, Respekte, Reskonsab pou tèt pa ou, Kontwole tèt pa ou, Prèt pou travay epi anvi travay.
- Fè pi byen efò ke m kapab chak jou.
- Li pou plezi mwen nan tan lib mwen epi nan nivo pa m. Ekri nan yon kaye konsènan sa m li ak konsènan eksperyans lavi mwen chak jou.
- Toujou fè efò pou rezoud pwoblèm, tandè byen lè y ap bay enstriksyon, epi itilize materyèl yo byen.



*Akò sa a se yon pwomès pou n travay ansanm pou pataje responsabilite pou elèv la aprann, fè pwogrè ekselan, epi genyen siksè nan lekòl la ak nan lavi a. Kontra sa a mache selon nivo chak klas, dapre estanda leta ak Plan Amelyorasyon Lekòl Prince Street. Li ankouraje elèv yo pou yo aprann, pou yo toujou prezan, epi pou genyen yon klima pozitif. \*egzaminen epi revize jou May 2018*